ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№213 (23.371) ● 2016 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 3, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Ю. А. зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм яІущІащ

2016 гъэр къызэрыцэхурэ республикэм и Унафэщым зыкъыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм ящыщу цыху 212-м

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. КЪБР-м и Правительствэм и Унэмдыгъуэсэ щахуэзащ зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІа цІыхухэм.

АР ХЭПЛЪАЩ псэуныгъэм пыщІа Іуэхуэхэм, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэІепыкъуныгъэ хэратын папщІэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм кІуэну къызыпэщытхэм я лъэІуэхэм, апхуэдэу биэнесым и Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыным хуэгъэзауэ къыхалъхьахэм, нэгъуэщІ зыбжанэми.

Зыхуэфащэ Іэнатіэхэм кьалэн щащІащ цІыхухэм я лъэІуэхэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ зы тхьэмахуэм кърибыдэу хэплъэу зэфІэгъэжьІыпхъэхэр яубзыхуну.

2016 гъэр къызэрыцэхурэ республикэм и Унафэщым зыкъыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм ящыщу 212-м.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и язныкъуэ указхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъуу гуп нэхъыщхьэм хихубыдэхэр зыІыгъэм мазэ къэс ахъшэ яхуищІыгъуным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м къыдигъэкІа Указ №192-УГ-м и пункт 1-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы хэт «2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м нэсыху» псалъэхэр зэхъуэкІын «2017 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 31-м нэсыху» жиІэу.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъуэхэр зыІыгъэм мазэ къэс ахъшэ яхуищІыгъуным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м къыдигъэкІа Указ №195-УГ-м и пункт 1-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн икІи абы хэт «2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 31-м нэсыху» псалъэхэр зэхъуэкІын «2017 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 31-м нэсыху» жиІэу.

3. Мы Указым къару егъуэт 2017 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м
№131-УГ

● Узыншагъэ

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

УФ-м Узыншагъэм кІэлъплъыныкІэ и Іуэхущ Іапіэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Ахьмэт Алим иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ наркотик зыхэлъ хущхъуэхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ веществохэмрэ зэгъэкІуэкІыным теухуа унафэм игъэта зэхъуэкІыныгъэхэм дохутырхэмрэ сымаджэхэмрэ щыхигъэгъуазэ зэІущІэ.

ЖАІАХЭМ къызэрыхэщамкІэ, узыр зэрыщхьэщах наркотик препаратхэр къызэрырашэкІ хабзэхэр нэхъ тынш ящІащ, рецептым и пІалъэр нэхъ кІыхь (мазэм 5-м къыщыщІэдзауэ (15-м нэс), хуатх хущхъуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ ящІащ, сымаджэхэмрэ аптекэмрэ я гъэтІылъыгъэхэм хагъэхъуащ. Апхуэдэу аптекэ здэщыщыІэ къуажэ пхыдзахэм дэт амбулаторхэм наркотик зыхэлъ хущхъуэхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ веществохэмрэ иратыну хуит ящІащ. Наркотик зыхэлъ хущхъуэхэр зэрызэрагъэкІуэкІымрэ абыхэм ящыщу къыдэхуахэр зэрагъэкІуэдыжымрэ теухуа тхыгъэхэр зэратым зэхъуэкІыныгъэ я гъуэтащ. Рецептхэр къызэрапщытэ хабзэхэри нэхъ тынш ящІащ - комиссэм ирагъэлъагъур япэу ятхаращ, уз гъэтІылъам къытригъэзэж хъумэ, дохутырым езыр хуитщ рецептыр етІуанэу итхьжыну.

Къызэхуэсахэр щыгъуазэ ящІащ узым къызэрыхигъэзыхьым елъытауэ хущхъуэхэр къызэрыхахыну щыкІэхэм, абы щыгъуэми Іэщіагъэлізхэм, дауэ мыхъуми, мастэр къамыгъэсбэпыну чэнджэщ ят. Хущхъуэхэмрэ пластырхэмрэ къэбгъэсэбэпмэ нэхъыфІщ.

ХУЖЬОКЪУЭ КІуращэ.

Республикэм щыпсэухэмрэ ди хьэщІэхэмрэ гу зылъатапхъэ

Цыхубз зэкъуэтыныгъэм и махуэм, 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 4-м, Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм и гупэм дež сыхьэт 12.00-м гуфІэгъуэ пэкІу - концерт къыщыщІэІуахынущ.

АБы КъБР-м и эстрадэм и артист нэхъыфІхэр хэтынущ. Апхуэдэу абдеж щагъэлъэгъуэнущ лъэпкъ Іэщіагъэхэм хуэІззэ цыху Іэпщлъапщ Іэхэм я лэжьыгъэхэр.

Къэбэрдей уэрамым тет «Победа» кинотеатрым и гупэм дež сыхьэт 14.00-м гуфІэгъуэ зэхъуэхэр щекІуэкІынущ, духовой оркестрым и концерт щыІэнущ, джэгу къыщыщІэІуахынущ. Абдеж дыдэм сыхьэт 18.00-м щызэхэтынущ Урысей кином и фестиваль.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ЕГОРОВЭ Татьянэ: Страсбург щызэхыхьэ зэІущІэшхуэм и фІыщІэкІэ ди республикэм и цІэр Европэм щыдгъэІуну Іэмал диІэщ

Урысей Федерацэм и официальнэ лыкІуэ гупым хэту КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ щыІащ Европэм и Советым щІыпІэ, щІыналъэ властхэмкІэ и конгрессым Франджым и къалэ Страсбург щригъэкІуэкІа 31-нэ сессием. А зэхьыхьэр зэрекІуэкІам теухуауэ дэ депсэлъащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и унафэщым.

- Дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм, нэгъэсауэ къытхуэлъытэнукъым а зэхыхьэшхуэр зищІысыр. Ауэ ар зэрекІуэкІар уэ уи нэгу щІэкІащи, Европэм и Советым ЩІыпІэ, щІыналъэ властхэмкІэ и конгрессым и мыхьэнэм щыгъуазэ дыщІыт. Дауэ абы и лэжьыгъэр къызэрызэригъэпэщыр?

- Парламент ассамблеем (ПАСЕ), ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ Европэ судым къадэкІуэу, конгрессыр Европэм и Советым и Іэнатіэ пыухыкІахэм ящыщщ. Чэнджэщэгъу мыхьэнэ зиІэ а органыр 1994 гъэм къызэрагъэпэщащ икІи ар Европэм и щІыпІэ, щІыналъэ властхэм я конференцу зэпымыууэ лажьэм и пІэ иуващ. ЩІыпІэ, щІыналъэ властхэм я конгрессым и мыхьэнэ нэхъыщхьэр ар властым и щІыпІэ, щІыналъэ органхэм я зэхуэзапІэу, зэпсэльапІэу, европэ къэралхэм я щІыпІэ, щІыналъэ политикэм щытепсэльыхь утыкуу зэрыщытырщ. Иджыпсту абы лыкІуэу 324-рэ, абыхэм я къуэдзэу 324-рэ хэтщ. Конгрессым Министрхэм я комитетым, ПАСЕ-м папщІэ щІыпІэ, щІыналъэ политикэм екьэлІа Іуэху псомкІи чэнджэщхэр зэхелъхьэ. Ар быдэу япыщІащ щІыпІэ, щІыналъэ властхэм я органхэм ядэлажьэ лъэпкъ организацэ псоми.

Конгрессыр палатитІу - ЩІыпІэ властхэм я палатэрэ ЩІыналъэхэм я палатэу зэхэтщ. Абы хохьэ политикэгупу плІы. Гуп нэхъыщхьэ дыдэр Европэм и цІыхубэ партырщ е чристэн демократэрщ. Апхуэдэу конгрессым хэтщ социалистхэр, либерал-демократхэр, Европэм и консерваторхэмрэ реформаторхэмрэ. Лэжьыгъэ псори егъэщІылІащ комитету щым - мониторингымкІэ, управленэмкІэ, зи чэзу Іуэхуэхэмкіэ комитетхэм. СэЩІыналъэхэмкІэ палатэм сыхэтщ, Европэм и цІыхубэ партымрэ управленэмкІэ комитетым сыхагъэхьащ. Комитетыр толажьэ конгрессым уставкІэ бгъэдэлъ полномочиехэм: управленэм, финансхэм, щІыналъэ зэхуаку зэпыщІэныгъэхэм, электрон демократием, нэгъуэщІхэми.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ сыт хуэдэ мыхьэнэ иІэ уэ конгрессым и зи чэзу сессием уэзрыхэтам?

- Европэм и Советым сыт щыгъуи гулъытэшхуэ хуещІ щІыпІэ, щІыналъэ Іэнатіэхэм демократием щиІэ мыхьэнэр къэІэтыным. Конгрессым и лэжьыгъэри зыхуэунэтІащ щІыпІэ, щІыналъэ демократием зыщІэгъэкъуэнырщ. Апхуэдэу ар сэбэп мэхъу щІыпІэ, щІыналъэ властхэм я псалъэр центральнэ, федеральнэ правительствэхэм, Европэм и организацэхэм я деж нэгъэсыныкІэ. Абы и лыныкъэкІэ, къапщтэмэ, Урысейм цІыху 36-рэ хъуэу абы игъэкІуа официальнэ делегацэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лыкІуэ зэрыхэтыр икъуэкІэ хъарзынэщ, псом хуэмыдэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыщу абы цІыхуитІ фІэкІ зэрыхимыуфыдэр къэплъытэмэ. Зэрыгуры Іуэнымкіэ, щІыналъэхэм я сэбэп зыхэлъ зэпыщІэныгъэхэр зэтегъэувэнымкІэ тчы лъэбакъуэу къэплъытэ хъунущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Илъэс 72-рэ дэкІа нэужь

● Бахъсэн щІыналъэ

Бахъсэн районым иджыблагъэ щекІуэкІащ зэІущІэ гуапэ - Хэку зауэшхуэм хэта Емкъуж Тыгъуэнрэ Къэзан Хьэжысмелрэ къыхуагъэфащауэ щыта къэрал дамыгъэхэм я щыхьэт тхылъхэр абыхэм я Іыхьлыхэм иратыжащ.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ Бахъсэн район щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъыр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Сыжажэ Хьэсэн. Абы къыхихэщащ Нэхущхэ зэадзэпхъум - Ахьмэдрэ Динэнэрэ - илъэситІ зэхуэсу ирагъэжьІэкІ къэхутэныгъэлъыхъуакІуэ лэжьыгъэшхуэм и фІыщІэкІэ СССР-м и щІыхь дамыгъэу 40-м щІигъу къызэрагъэтыжар, Бахъсэн щІыналъэм щыпсэу я лъахэгъуэм щыщу цІыху 16-м я благъэхэм апхуэдэ дамыгъэхэр зэрыратыжар.

- Емкъужымрэ Къэзанымрэ я гъащІэм утепсэлъыхьын къудей щхьэкІэ нобэрей зэІущІэм хуэдэ зэхэпшэну яхуэфащэт, - жиІащ Сыжажэ Хьэсэн. - УІэгъэ хьэлъэ хъуауэ сымаджэщхэм щІэлъ зауэлІхэм я Іыхьлы кудым а зэманым яІэрыхьэрт я щІалэхэр «зэрыщымыІэжьым» теухуа тхыгъэхэр, ауэ ахэр псэууэ къыщІэкІырти, зэуапІэм ягъэзэжырт.

Я адэхэм къыхуагъэфащауэ щыта дамыгъэ лъапІэхэр иратыжащ Емкъуж Ахьмэдрэ Токъмакъ ФатІимэтрэ. Абыхэм фІыщІэ ин хуащІащ мы Іуэхур зэфІэхыным зи гуащІэ хэзыльхьа Нэхущхэ Ахьмэдрэ Динэнэрэ, зэІущІэр къызэзыгъэпэща щІыпІэ администрацэм и лэжьакІуэхэм.

- Мыпхуэдэ зэІущІэхэр егъэкІуэкІыныр икъуэкІэ щхьэпэщ къыдэкІуэтей щІэблэр хэкупсэу гъэсэныкІэ, - жиІащ КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщым и къуэдзэ Мэремыкъуэ Сэфарбий. - Хэкутакіуэхэмрэ къэлъыхъуакІуэхэмрэ я фІыгъэкІэ кьыттъоІэсыж ди адэхэм я хахуагъэм щыхьэт техъуэ дамыгъэ лъапІэхэр. Абы иращІэкІ зэхьхьэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ ди къэралыр нобэ зыхэт гугъуехьэхэр кьыдгурыІуэу нэхъри дызэкъуэузэнымкІэ.

Хабзэ зэрыхъуам тету, зэхьхьэр школакІуэ цІыкІухэм ягъэзащІэ уэрэдхэмрэ усэхэмкІэ ягъэдэхащ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн район администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 - 2018 гъэхэм ятещІыхьа и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м №195-ПП ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2013 - 2018 гъэхэм ятещІыхьа и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 17-м къыдигъэкІа унафэ №256-ПП-мкІэ къиштам, мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

ЩІыналъэ мыхьэнэ зиІэ щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм, щІыпІэ (муниципальнэ) мыхьэнэ зиІэ щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм, щІэуэ сэтей къащІа щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм я щытыкІэм, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщыІэзэрахьэм, зэрыщахъуэмэм, къыІэзрыщагъэсэбэпым, хэІущІыІу зэращІым икІи къэралым зэрихъуэмэм хуэгъэза щІыналъэ къэрал кІэлъыплъыныгъэр къызэрыІэзэрагъэпэщымрэ зэрырагъэкІуэкІымрэ теухуа Хабзэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м №197-ПП ***Налшык къалэ***

«Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м кьащта Федеральнэ Закон №973-ФЗ-м и 11-нэ статьям и пункт 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я Іуэхукіэ» 2003 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №39-РЗ-м и 12-нэ статьям и 3-1-нэ пунктым япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

ЩІыналъэ мыхьэнэ зиІэ щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм, щІыпІэ (муниципальнэ) мыхьэнэ зиІэ щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм, щІэуэ сэтей къащІа щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм я щытыкІэм, ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщыІэзэрахьэм, зэрыщахъуэмэм, къыІэзрыщагъэсэбэпым, хэІущІыІу зэращІым икІи къэралым зэрихъуэмэм хуэгъэза щІыналъэ къэ-рал кІэлъыплъыныгъэр къызэрыІэзэрагъэпэщымрэ зэрырагъэкІуэкІымрэ теухуа Хабзэр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

НОБЭ

♦**1562 гъэм** Къэбэрдейм и пщы-уэлий Идар Темрыкъуэ и щІалэ Думэныкъуэ и гъусэу Астрахань хъаныым и дež кІуащ.

♦**1903 гъэм** Голландием щыщ физиолог Эйнтховен Виллем гум и лэжьакІэм зэрыкІэлъыплъ электрокардиограф Іэмэпсымэ зэрызэпкърилъхьар хэІуцІыІу ищІащ. И къэхутэныгъэхэм папщІэ абы 1924 гъэм Нобель и саугъэтыр хуагъэфэщауэ щытащ.

♦**1907 гъэм** дунейм щыІэпэу Франджым вертолёт щагъэлъэтащ.

♦**1918 гъэм** Польшэм и къэралыгъуэр зэфІагъэуэвэжащ.

♦**1931 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым къратащ ВЦИК-м и ЩІыхь тхылъыр.

♦**1941 гъэм** нэмыцэдзэхэм Курск къалэр яубыдащ. Фашистхэм ар илъэсым щыгъуэкІэ - 1943 гъэм маязаем и 8-м советыдзэхэм хуит къащІыжьыхукІэ - яІыгъащ.

♦**1957 гъэм** СССР-м хьэршым игъэльэтащ «Спутник-2» кхъухьыр. Абы исащ Лайкэ ЩІхьэ.

♦**1958 гъэм** Париж къыщыщІэуахащ ЮНЕСКО-м и Іуэхущ Іапіэхэр.

♦**2003 гъэм** дунейм ехыжащ совет усакІуэ цІэрыІуэ, Дагъыстэным и цІыхубэ усакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Гамзатов Расул.

♦**2010 гъэм** дунейм ехыжащ урысей къэрал къулыкъущІэ, политик цІэрыІуэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщІу щыта Черномырдин Виктор.

♦Совет усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, тхакІуэ, критик **Маршак Самуил** къызэраІухурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Багрицкий Эдуард** къызэраІухурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс тхакІуэ, драматург, зэдзэкІакІуэ **Шыд Юрий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, уэрэдус, композитор цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Градский Александр** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Швециием къыщалъхуа, Америкэм щыпсэу, щылажьэ актёр, режиссёр, сценарийхэр зытх **Лундгрен Дольф** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист, зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм 70-м щІигъурэ щытекІуа, Олимп джэгухэм тІэунейрэ, дунейм щэнейрэ, Европэм блэнейрэ, Урысейм пщІэнейрэ я чемпион хъуа **Плющенко Евгений** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 6, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Емызэш мэшыбэ ещІэ.

● Щыгуэпс

Мэзым хуосакъ

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩІыуэпс хъугъуэфыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, бжьыхьэм лэжьыгъэфІ зэфІахащ.

КЪАПЩТЭМЭ, гектар 300-м щигъум ит жыгхэм сэкъат зиІэхэмрэ хэгъуакІахэмрэ хагъэкъэбзыкІащ, гектари 100-м нэхърэ мынэхъ мащІэм елэжьащ хущхъуэгъуэ щхьэхуэхэмрэ щыгъэпшэрхэмкІэ.

Мэз щыхьэкІэ, пІалъэ пыухыкІам тету, пхъащхьэ, пхъгъэсэн къыщІащ. Мы бжьыхьэми кубометр мини 3-м щигъу ягъэхьэзыращ, гектар 854-м агротехникэ лэжьыгъэхэр щызэфІахащ.

Мэзхъумэхэм я нэІэ тетщ мэзым щІэс псэущхьэхэми: щІымахуэр ямылейуэ уае щыхъуэ и деж мэкъумылъэкмкІэ, Іусыпхъэхэмкіэ ядоІэпыкъу, абыхэм яхурикъуну шыгъу хуагъэтІылъ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Страсбург щызэхыхьэ зэIущIэшхуэм и фIыщIэкIэ ди республикэм и цIэр Европэм щыдгъэIуну Iэмал диIэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

- Сессиер сыт хуэдэ Iуэхуэхэм хэпльа? Конгрессым хэтхэм мкIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIын хуейуэ къалъытэ лэжьыигъэхэр щыIэ, апхуэдэ Iуэхуэхэм пыухыкIауэ Урысейм хуэгъэзэжэр яхэт?

- Иджырей сессиер нэхъыбэу зытеухуауэ щытар коррупцэм пыщIа хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуныкрыщ, щыпIэ, щыналъэ IэнатIэхэм цIыхугъэм и мардэхэр щыпхыигъэкIынырщ, хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ административнэ текъузэныгъэхэр щымыгъэIэнырщ, Европэм и Советым хэт и къэралщхъэхуэхэм я щыпIэ, щыналъэ IэнатIэхэм демократием и хабзэхэр зэрыщагъэбыдэрщ. А псори иджыпсту мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуэхэм ящыщщ. ЗэIуцIэм хэтахэм гъэщIэгъуэн къащыхъуащ щыпIэ, щыналъэ IэнатIэхэм унафэщI лэжьыгъэ щызэхьэшым цIыхубзхэр зэрыхэтыр.

Гу лъыбзэгъэтэну сыхуейщ, ди къэралыр иджыпсту зэрыт щытыкIэ мытыншыр къэпльытэмэ, Урысейм и лIыкIуэхэр конгрессым зэрыхэтам сэбэпынагъ зэрыпылъым. Къапщтэмэ, сессиер щекIуэкIым Украинэм и лIыкIуэхэр дэтхэнэ Iуэхуми ехьэлIауэ Урысейр зэрагъэпудыным хэтащ. Ауэ апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр конгрессым хэтахэм я нэхъыбапIэм къащтакъым икIи мы зэхыхьэшхуэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ куэдым я унафэщI гупхэм ди къэралым и лIыкIуэхэр хагъэхьащ. Ди делегацэм и унафэщI, Владимирскэ областым и губернатор Орловэ Светланэ аргуэру хахьжащ конгрессым ЩIыналъэхэмкIэ и палатэм и унафэщым и къуэдзэу. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Регламентымрэ парламент лжьыигъэ зэгъэуIунымкIэ и комитетым и унафэщым и япэ къуэдзэ Горячевэ Светланэ икъуэкIэ пщIэшхуэ зиIэ социалист гупым я унафэщым и къуэдзэ хъуащ. Къэгъэлъэгъуапхъэщ Урысейм икIа делегацэм хэтхэр пленар зэIущIэхэмк, комитетхэмрэ политикэ гупхэмрэ я зэIущIэхэм гъэхуауэ, гурыIуэгъуэу къызэрыщыпсэлъар икIи къэралщхьэхуэхэм я делегацэхэм быдэу япыщIауэ зэрыплжьыр.

Дэ дызыгъэпIейтей ныкъусаныгъэхэмрэ Европэр зыхэт гугъуехьхэмрэ сыткIэ зэщхьэщыкIрэ? ЩIыпIэ IэнатIэр къапщтэмэ, абыхэм зэщхьэщыкIыныгъэшхуэ яIэкъым. Псалъэм папщIэ, щыпIэ властым полномочие пыухыкIахэр зэрырат щыкIэр зэщхьщ, абы хэлъ гугъуехьхэри зэхуэдэщ. Ди дежи, Европэми щыIэ гугъуехь нэхъыщхьэр - щIэуэ ират полномочиехэр дагъэкIыным хуриктыжи ахъшэрэ мылъкурэ зэрыхамыхырщ.

- Уэ Европэм и утыкум иджы япэу уихьауэ араща. АтIэ сыт уи гум къинар, нэхъ гъэщIэгъуэн къыпщыхъуар?

- Европэм и Советым ЩIыпIэ, щIыналъэ властхэмрэ и ассоциацэхэмрэ къыхуриджащ коррупцэм пэщIэтыныкIэ дэтхэнэми езым и программэ зэхилъхьэну. НэгъуэщIу жыпIэмэ, коррупцэм и лъэныкъуэкIэ Европэм щымыIэ ди дежи щыIэу е Урысейм щымыIэ Европэм щыкIуэкIыу зыми жиIакъым. Гугъуехьхэр псоми ди зэхуэдэщ. Радикализацэм и Iуэхури апхуэдэ дыдэщ.

- Конгрессым и къыкIэлъыкIуэ сессиер щекIуэкIынур сыт щыгъуэ?

- Сессиехэр гъэ къэс тIэу, хабзэ зэрыхъуауэ, жэпуэгъэмрэ гъатхэпэмрэ, ирагъэкIуэкI. Гъатхэ сессиер 2017 гъэм гъатхэпэм и 26 - 31-хэм зэхэтынущ. Сэ си мурадщ Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубзхэм ятеухуауэ сыкъэпсэльэну икIи абы пыщIа материалышхуэ сиIащ. Ди щIыналъэм абы и лъэныкъуэкIэ къыхэщхьэхукIыныгъэ пыуухыкIахэр щыIэми, цIыхубзыр политикэ, жылагъуэ лэжьыигъэхэм зэрызхэтым и лъэныкъуэкIэ дэ Урысейм и щIыналъэ куэдым япэ дитщ. Уеблэмэ, Европэм и къэралщхьэхуэхэм цIыхубзхэр властым и органхэм квотэкIэ фIэкI зэрыщыхамыгъэхьэр къэпльытэмэ, дэ абыхэми зыкъомкIэ дофIэкI.

-Сессиехэм нэмыщI, конгрессым хиубыдэу нэгъуэщI Iуэхуэхэр щыIа?

- Сессием икъуэкIэ лэжьыигъэшхуэ иригъэкIуэкIащ икIи абы къыхэкIыу зэманыр хуабжьу зэпэубыдауэ щытащ. Дауэ мыхъуми, Страсбург и щIыпIэ щхьэхуэхэр зэдгъэльагъун тхуэзэфIэкIащ. Ар къалэ дахэщ, зэIуэпэщщ. Дэ ди хъуэпсапIэу щытащ Евросоюзым и дамыгъэ хъуа «Европэм и гур» скульптурэр, ди хэкуэгъуу къальытэ Черинэ Людмилэ ищIар икIи Европарламентым и унэм дежи щагъэуващ, зэдгъэпэлъгъуну, дыхунэсакъым.

- ФIыщIэ фхудощI псалъэмакъ купщIафIэм папщIэ.

Епсэльар
БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэщ.

Унагъуэшхуэхэм хэхауэ зэрадэIэпыкъум теухауэ

● Къэрал Iуэхущ1апIэхэм

Я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн щхьэкIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъуэ сом мин 250-рэ зэ етыгъуэу зэрыхухах сертификатыр («щIыналъэ анэ (унагъуэ) мылъку» жыхуаIэр) къызэрыIах щIыкIэм бынитху, абы нэхъыбэ зиIэ унагъуэхэр зэпымыууэ щIоупщIэ. Абыи, нэгъуэщI куэдми жэуап ярет КъБР-м лжьыигъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэрэпэщыныкъуэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Романовэ Еленэ:

УпщIэ. Хэхауэ зэрызыщIагъакъуэ программэр сыт зэман лъандэрэ вгъэзащIэрэ икIи абы хэфIъхьэ мылъкум и къыхэкIыпIэр сыт?

Жэуап. 2008 гъэм щIышылэм и 1-м хуэзэу етхуанэ сабийр е къыкIэлъыкIуэр зыгъуэтауэ (яплIыну къэзыщтауэ) бынитху, абы нэхъыбэ зиIэ унагъуэшхуэхэм, я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, КъБР-м ЛжьыигъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэрэпэщыныкъуэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэр 2009 гъэ лъандэрэ зэ етыгъуэу мылъкукIэ ядолэпыну.

Апхуэдэхэм зэ етыгъуэу сом мин 250-рэ («щIыналъэ анэ (унагъуэ) мылъку» жыхуаIэр) къыIахыну зэрыхуитымкIэ сертификат щхьэхуэ ират. Ахъшэр республикэ бюджетым тхыльхьэ щыхуахах.

УпщIэ. А программэмкIэ мы гъэм унагъуэ дапщэм сертификат ирата?

Жэуап. Мы Iуэхур къызэрыхэтлъхьэ лъандэрэ унагъуэ 1311-м, абыхэм ящыщу 125-м мы гъэм сертификат къыIахащ. 2009 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэр къэсыху, я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, унагъуэ 558-м, мы илъэсым 76-м зэ етыгъуэ мылъку хухахащ.

УпщIэ*. Сертификат къыIахын щхьэкIэ, сыт хуэдэ пIалъэм зыхуагъаззэ хъуну?

Жэуап*. 2008 гъэм щIышылэм и 1-м и ужькIэ, етхуанэ сабийр къыщалъхуа (яплIыну къыщащта) е къыкIэлъыкIуэр щагъэта зэманым щегъэжьауэ щыхуэр сертификатым щIэупщIэну хуитщ.

УпщIэ. МылъкукIэ къыбдэIэпыкъун щхьэкIэ, узыхуей тхыльхэр сыт хуэдэ икIи ахэр зэтпэсэрэ хэт?

Жэуап*. Сертификат къыIахын папщIэ, лжьыигъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныкъуэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ центрхэм, щыпсэу щыпIэхэм къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэуIуу щагъэзащIэ IэнатIэхэм, апхуэдэу «Къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щызэфIагъэкI зыуэ щыт портал» федеральнэ къэрал хъыбарегъащIэ системэм е пощтым тхыльпкIэ (заявленэ) зыхуагъаззэ хъунущ. Абы щыгъун хуейщ:

заявленэр зейм и паспортым и копиер;

сабийхэр къызэралъхуамкIэ щыхьэт тхыльхэм я копиехэр;

унагъуэр зэрыхъум теухуа справкэрэ и счёт хэхам и тхыльрэ.

Зэщхьэгъусэхэр зэбгъэдэкIыжамэ, яныхэзыр дунейм ехьжамэ, хъыбарыншэу кIуэдауэ къальытамэ, анэм (адэм) анагъэр щхьэщхамэ, быныр зыбгъэдэс адэм (анэм) а къедбжэкIахэм я щыхьэт тхыльхэр щыгъуэ заявленэ ет.

УпщIэ*. Ахъшэр сыт хуэдэ Iуэхукъуэ къагъэсэбэн хъуну?

Жэуап*. Сертификат къеIызыха цIыхум хухах мылъкур хилхьэну хуитщ:

Iуэхущ1апIэхэм, и Iыхьлы гъунэгъуу (и щхьэгъусэу), и адэшхуэу (анэшхуэу) и къуэрылъху-пхъурылъхуу, и адэ-анэу (яплIыну къэзыщтахэри хэту), и бину (ипыну я къищтахэри хэту), къызэдалъхуа, къызэдамылъуа и къуэшу, и шыпхъуу щымыт цIыхухэм я дежи къыщищэну псэупIэм, уней лъапсэм, апхуэдэу имейуэ я зэпымыууэ щыпсэу унэм;

кредит зэгурыIуэныгъэкIэ (заём зэгурыIуэныгъэкIэ), ухуэныгъэм зэрыхэт зэгурыIуэныгъэкIэ, ипотекэ зэгурыIуэныгъэкIэ цIыху щхьэхуэхэм, Iуэхущ1апIэхэм я дежкъыщищэху псэупIэмрэ уней лъапсэмрэ;

ухуакIуэ организацэ хэмыту псэупIэ, уней лъапсэ ухуэным е зэгъэпэщыжьным трагъэкIуэдам пагъэкIуэжьну;

ухуэныгъэ подряд зэгурыIуэныгъэкIэ псэупIэ ухуэным е зэгъэпэщыжьным;

мылъку зэрыхуахыну сертификатыр къыIимых щIыкIэ къытехуа ипотекэ, псэупIэ къызэрищэхуа, зэриухуа щIыхуэхэмкIэ псэупIэ къищэхун, ищIын щхьэкIэ, нэхъ пасэу къищта кредитыр (заёмыр) (къуэдыхэр, хагъэкIэхэр, кредитыр и чэзум зэримытыжым техьэ пеняхэр хэмыту), пшынжьынымкIэ щIыхуэ нэхъыщхьэр зытетэжкIыжьыным, кредитым (заёмым) хуэзэр тыжьыным.

ЗэрызыщIагъакъуэ мылъкур хухахын щхьэкIэ, ар къызэрагъэсэбэпыну щIыкIэр щыгъэбеладжьна тхыльхэр зыщIыгъуу заявленэкIэ сертификат зиIэхэм лжьыигъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныкъуэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ центрхэм, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щыпIэхэм зэуIуу щагъэзащIэ IэнатIэхэм зыхуагъаззэ.

Хэхауэ ират мылъкумкIэ къащэху псэупIэр, уней лъапсэр е ныхуэ, зэрагъэ -пэщыж унэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэн хуейщ.

УпщIэ*. Нэхъапэм апхуэдэ унагъуэхэм сом мини 125-рэ хухахыу щытащ. Иджы ахъшэр зэрат щIыкIэм щхьэ зихъуэжа?

Жэуап*. Уней псэупIэ яухуэн е зэрагъэпэщыжьын папщIэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэу ят ахъшэр IыхьитIу зэщхьэщхырти, япэщIыкIэ дэтхэнэми сом мини 125-рэ хухахыр. Мазих дэкIыу, ар къызэрагъэсэбэпа щIыкIэр акткIэ къагъэпэгъуа нэужь, етIуанэ Iыхьэр иратырт. ПсэупIэ зыуэу, зэзыгъэпэщыж унагъуэхэм я Iуэхур абы илъаръэрт, унэм Iэпхъэжьныр кIыхьлIыхь ищIырт.

Апхуэдэ щытыкIэм хабзэ хилъхьэн мурадкIэ, КъБР-м ЛжьыигъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныкъуэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм игъэхъэзырри, 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м республикэм и Правительствэм къищтащ «Бынитху, абы нэхърэ нэхъыбэ зыпI унагъуэшхуэхэм занщIэу яIэрыхьэу зэ етыгъуэу мылъкукIэ зэрызыщIагъакъуэ щыкIэм, 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м КъБР-м и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №202-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным я Iэхуку1э» Унафэ.

Абы ипкъ иткIэ, ухуакIуэ организацэ хэмыту уней псэупIэ ящыи е ар зэрагъэпэщыжьын, апхуэдэу уней псэупIэ щахуэм трагъэкIуэдам пагъэкIуэжьн папщIэ, занщIэу яIэрыхьэу зэрадэIэпыкъу сом мин 250-р зэ етыгъуэу цIыхуэм хухах.

УпщIэ*. Сертификатыр сыт хуэдэ пIалъэм тещIыхьа?

Жэуап*. «Бынитху, абы нэхърэ нэхъыбэ зыпI унагъуэшхуэхэм я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, занщIэу яIэрыхьэу зэ етыгъуэу мылъку зэрыхухах щIыкIэм, апхуэдэу 2013 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м КъБР-м и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №202-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным я Iэхуку1э» 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм къищта Унафэ №175-ПП-м икIи иткIэ, Iэ щIыщIадза махуэм щегъэжьауэ мазэ пщыкIитIкIэ сертификатым къару иIэщ.

А пIалъэм фIэзыгъэкIам, щIэрыщIэу сертификат къыIихын щхьэкIэ, республикэм ЛжьыигъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныкъуэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ министерствэм, абы и къуэдамэхэм, МФЦ-м тхылькIэ (заявленэ) захуигъаззэн хуейщ.

Страсбург щызэхыхьэ зэIущIэшхуэм и фIыщIэкIэ ди республикэм и цIэр Европэм щыдгъэIуну Iэмал диIэщ

● Жыжьэ - гъунэгъу

КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий Адыгэ Республикэм и хьэщIэщ.
Сурэтыр **Iэщын Аслъэн** *трихащ. 1995 гъэ*

● ЗэIущIэхэр

Гу нэхъ зылъытапхъэхэр ягъэнаIуэ

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и коллегием и зэIущIэ екIуэкIащ. Абы щыхэплъэжащ 2016 гъэм и мазибгъуэм я лэжьыгъэм кърикIуэхэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь, министерствэм и Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и Хабзэхьумэ Iэнатlэхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и унафэщI Думай Борис.

Хабзэ зэрыхъуауэ, ар Iуэху гуапэкIэ яублэри, я къалэныр ягъэзащIэу кIыхьжаныкIахэм къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр иратащ.

Ромашкин Игорь я лэжьыгъэм щытепсэлъыхьым къигъэлъэгъуащ щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр, хьэлъэ дыдэхэр къэмыгъэхъуныр, экономикэ щIэпхъаджагъэхэр къыщIэгъэщыныр, гуэргум шынагъуэншагъэр къыщцызэгъэпэщыныр я къалэнхэм я нэхъыщхьэу къызэрыжьыр.

Республикэ МВД-м и полицэм и унафэщI къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и подполковник Громаков Михаил къэпсэльащ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ Iуэхущ1апIэхэмрэ я лэжьыгъэм пыщIа гугъуехьхэм нэхъ тригъащIэу.

ЗэIущIэм хэтахэм зыхэплъа Iуэхуэхэм теуха унафэхэр къащтащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Щыгъуэ псалъэ

Хэкупсэ нэс Хъун Щэукъуий

Хуабжьу ди жагъуэ хъуащ Израилым къикIыу къытIэрыхьа хъыбар гуауэр. Рихьэние жылэм щыщ Хъун Щэукъуий дунейм ехьжащ. Щэукъуий ящыщт ди къуэш хэхэсхэм я адэгэпсэр зыхъыкIэмэхэм, хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ зэпызыщIэ лIы щыпкъэхэм.

ЕЗЫР къыщалъхуа и адажь лъапсэр Адыгэ музейуэ зэригъэпэщыжауэ Рихьэние щигъэлажьэрт, и лъэпкъэгъуэхэм я тхыдэмрэ къызыхэкIамрэ ящимыгъэгъупщэу, зыихэсхэм адыгэр зищIысыр къаригъэлIхуу. Щэукъуийт Рихьэние сабий къэфакIуэ ансамбль къыщыхэзгъэпэщыным жэрдэмщIакIуэ хуэхъуари. «Iуащхьэмахуэ» зыфIащa сабий ансамблым хэтхэм фащэхэр яхуригъэдщ, гъэсакIуэ къахуищтэри, адыгэ щэнхабзэр хъумэным, лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэр ныжьыщIэхэм зэрахьэным хуиущийуэ и гъащIэр ихьащ. Ансамблыр утыкушхуэ куэдым иришащ Хъуным, уеблэмэ хэкужьми къишэри, адыгэ зэрыс республикэхэм концерт щарилъэтауэ щытащ.

И унэр хьэщIэегъэблэгъанIэт ди къуэшым. Рихьэние зыплъыхьакIуэ е хьэщIапIэ дыхьауэ зы цIыхуи кIыдигъэкIыжыртэкъым я деж иримыгъэблэгъауэ, ерыскъы Iэфi Iуимыгъэхуауэ. Музейм хуэдэт абы и пщIантIэр. Хэкум ираха и адэжьхэм я фэеплъым зэрыхуэпэжьым, къызыхэкIа лъэпкъым и щыхьэт зэриIэтым, зэрыадыгэр имыгъэгъуащIу дунейм зэрытетым и щыхьэтт и пщIантIэм щыуэзда зы планэпэр. Хэкум и теплъэм и дахагъыр, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа ди лъэпкъэгъуэхэр, адыгэ Iэщэ-фащэр къызэрыщ суэрэтэхэр фIэлтт, жыпIэнуракъэ, ди лъэпкъым и шыфэлIыфэр нэгум къыщIигъэхьэрт абдеж щыплъагъуэхэм.

Хамэ щыIналъэ къыщалъхуами, хэкупсэу дунейм тетащ Щэукъуий. Куэдрэ и хэкужь къэкIуэжащ, адэжь лъэхэр зригъэлъэгъуащ. Нэхъыщхьэрати, зыхэса хьэрыпэхэмрэ журтэхэмрэ адыгэр къаригъэщIыхун папщIэ хуэзфIэкI къыщэнакъым. Абы къызэригъэпэщауэ игъэлажьэ музейм мурадышхуэ хуиIэт, нэхъри зригъэужьыну, щIэлъ хьэпшыпхъэхьэуну и гуращэт. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуци, къыпкърыхьа узым пэлъэщащкъым...

И благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ Iэтыгъуафlэ Тхьэм ящищI. ЖэнэткIэ Тхьэм игъэгуфIэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академие, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакц.

Дэрэжэгъуэкlэ гъэнщIат

● Гуапагъэ

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэр щагъэлъапIэ жэпуэгъуэ мазэм нэхъыжьхэм хэхауэ гулъытэ хуащI. Дэрэжэгъуэрэ гуапагъэкIэ гъэнщIа зэхьихьэ щекIуэкIащ КъБР-м и щыхьэрым дэт «Тэрч» санаторэм.

Налшыкдэс цIыхубзхэм и Пенсионерхэм я зэгуя советымрэ къалащхьэм хьэныгъэмрэ кърагъэблэгъат лэжьыгъэм и ветеранхэр, ныбжь хъарзынэ зиIэ нэхъыжьхэр. Абыхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ зи гугъу тщIа советым и унафэщI Дыджэш Лидэ.

Iэху гуапэм къекIуэлIат цIыхуи 150-м щIигъу. Абыхэм яхэтт Урысейм щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубз сурэтыщI, Европэм художествэхэмкIэ и академиеим и академикэ КIыщ Мухьэдин, абы и щхьэгъусэ икIи и менеджер Жаклин Дианэ Мосс.

Iэнэ берычэт къыхуащтат Кэнжэ, Хьэсэней, Белая Речкэ, Iэдииху, Вольнэ Аул Iуажэхэм щыщу ди лъахэм и къалащхьэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм.

ПщIэ зыхуащI ветеранхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Тхьэзэпплъыж Мурат, КъБР-м и Пенсэ фондым и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъу Бэрсэдж Юрэ, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и IэнатIэм и унафэщI Токъуий Мадинэ, Щэджэм районым и пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Кабардиков Махъти сымэ.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм дарэжэгъуэ езыт зэIущIэ гуапэр къызэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуахэм пщIэ лей яхуэфащэщ. Абыхэм ящыщщ республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр (министр Говоров Сергей), «Налшык хьэлвэ завод» ООО-м и унафэщI Къудалий Мухьэмэд, Налшык къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и советым и депутат Моллаев Алим. Дыджэш Лидэ щхьэхуэу фIыщIэ яхуищIащ гуапэу езыгъэблэгъа «Тэрч» санаторэм и унафэщI Бесчокъуэ Борисрэ абы и дэIэпыкъуэгъуэхэмрэ.

Нэхъыжьхэм я гукъыдэжыр щхьэIатащ КъБР-м и цIыхубз артисткэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Даур Иринэрэ абы и студентхэмрэ, «Асса» сабий къэфакIуэ ансамблым (унафэщIыр Карчаевэ Раисэщ), Азычэ Лидэ зи унафэщI сабий сад №5-м и гъэсэн цIыкIухэм.

Зэхуашэса нэхъыжьыфIхэм хуагуэшащ Одинцовэ Дарье и Iэдакъэщ1экIэхэм щыщ тхыльэ.

УАРДЭ Жансурэт.
Сурэтхэр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Унэр зэIузэпэщыну фыхуеймэ

● Псоукlэ

Къызыхуэт щымыIэу унэр зыхуей хуэгъэзэным теухуа федеральнэ программэр къэралым щагъэзащIэ, ауэ щIыхухэм абы теухуауэ яIэ упщIэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуркъым. Сыт къэралым и щIыналъэхэм метр зэбгъуэнатIэм щIат пщIэр куэдкIэ щIызэщхьащIкIыр? Фэтэрыр дауэ зэрыпщэжынур, ар зэбгъэпэщыжын щхьэкIэ щIыхуэ къэпщтар умышынауэ? КвитанцэщIэм итУ къэкIуа ахъшэр умытмэ, сыт къэхъунур? Псоми я зэхуэдэ «шыуаным» ахъшэ хэпIыхьэну уху умейуэ, ауэ фэтэрхэр зейхэм я зэгугъэныгъэ (ТСЖ) къыщыззэмыгъэпэщамэ, дауэ ухъуну? А упщIэхэм жэуап ирет Урысей Федерацэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ Чибис Андрей.

- Къызыхуэт щымыIэу унэр зэгъэпэщыжыным щIыналъэхэм щызекIуэ уасэр щхьэ апхуэдизу зэщхьащIыкIа: зы метр зэбгъуэнатIэм сомитIым къыщыщIэдзауэ сом 15-м нэсу?

- Абы и унафэр щащIыр езы щIыналъэхэращ. Псалъэм папщIэ, Санкт-Петербург къалэм метр зэбгъуэнатIэм щыхуэзэр сомитIщ. Адрей иримыкъур щIыпIэ бюджетым къыхокI. Ар къыдагъэхуэнкIэ хъунущ сымаджэщ, парк, гъуэгу щIыным хухаха мылъкум. Езыхэм унафэ зэращIщ. Апхуэдизу щыт пэтми, УФ-м и Правительствэр яужь итщ уасэхэр зэрыхьукIэ зэхуэдэ ищIыну.

- Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ?

- Псоми я зэхуэдэ тариф къэралым къыщащтэну я мурадщ. Зэкlэ абы теухуауэ щIыIэр чэнджэщ кIудейщи, ахэр щIыналъэ унафэщIхэм хуейм я къагъэсэбэп, хуэмеймэ - гулъытэншэу къагъанэ. Арами, нобэ зы унафэщIым зыуэ, пщэдей къыкIэлъыкIуэм нэгъэсыну игъэувыфынуц. ДызыхуэкIуэ илъэсиI 10-15-м къэхъунур зыми кьыфIэIэзыхуэкъым. УхуэныгъэмкIэ министерствэм ар апхуэдэу къигъэнэнукъым. Ди проектым ипкъ иткIэ, министерствэм и хуитныгъэхэм къыхэдгъэхуэну ди гугъэщ. Къапщтэмэ, щIыналъэхэм мы Iуэхум халъхьэфыр мащIэмэ, защIэдгъэкъэунущ, нэхъыбэ зыхуэзфIэкIэхэм метр зэбгъуэнатIэм и уасэр ягъэмэщIэным дыхущIэкъунущ.

- Квитанцэм уасэщIэ итУ щыпхьагъуэкIэ, «сымытыххэмэ-щэ» жыпIэу уигу къокI. Умытмэ нэхъыфI, хьэмэрэ арэзы утехъуэру птын хуей?

- Апхуэдизу ар уи гум къыщIитхъмэ, умытми хъунущ, ауэ итIанэ фэтэрыр къэралым ептыжын хуей хъунущ. Фэтэрыр ууеймэ, законым къызэригъэувымкIэ, ар зыхуей хуэгъэзауэ зепхэну уи кьалэнщ. ЩIауэ ягъэува уасэр сытым дежи хьэпIэщ, ауэ ар унэм и щIыналъэншагъэм ехьэлIа Iэхугъуэщи, зэхадзэм уи Iыхьэр хэпIыхьэмэ нэхъыфIщ.

- Хэзыщыкlхэм зэрыжаIэмкIэ, ди къэралым щепIэщIэкIащ унэр зейхэм ар зэрахьэн хуейуэ щагъэувым. Араща а унафэр тэмэму гъэзэщIа щIэмыхъури. Япэщыкlэ зы щIыналъэ хэха гуэрым щагъэунэхуу, еплъыртэкъэ кърикIуэнум.

- Япэрауэ, унэр зыхуей хуэгъэзэным зэбгъэтIылъэкIмэ, илъэси 10-15-м къриубыдэу псэупIэ унэхэр пооти кхъахэ хъунущ. Автомашинэм и пкъыгъуэ жьы хъуар умыхъэжу хъуркъым. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, унащхьэри. Зыхуей хуумыгъазэмэ, пхрыхунущ. Псалъэмакъышхуэ мыбы къыщIибгъэкIын щIыпкъым. Iуэхур зэрыкIуатэм укIэлъыплъурэ, иримыкъур хэпIхьэжурэ укIуэтэн хуейуэ аращ. ЕтIуанэрауэ, мы Iэхур псом япэу Уфа къалэмрэ Тэтэрстанымрэ щрагъэжьауэ хъарзынэу щокIуэкI.

- ЦIыхухэм куэдрэ жаIэ, лифтыр е унащхьэр сыт щIыздгъэпэщыжын хуейр? Абы ехьэлIа дэфтэр диIэкъыми, ар дыдейкъым. ТхылъымпIэ щIыщымыIэкIэ - сэ ар къызэпхакъым.

- Ар, пэж дыдэу, гукъеуэхэм ящыщщ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, фэтэрыр зейм унэм ехьэлIа мылъкури ей мэхъу. Ауэ дэ къыдгуроIуэ цIыхухэм тхылъымпIэ кIапэ яIэщIэлъымэ, ягу нэхъ зэрызагъэр. Араща, дэ къыхэтлъхьащ Экономкэ зыужьыныгъэмкIэ министерствэр апхуэдэ дэфтэрхэр цIыхухэм зэрыратынум егупсыскIи. Ар къыдэхъулIэмэ, цIыхухэм тхылъымпIитI яIэнущ: зыр фэтэрыр зэреймкIэ, адрейр унащхьэмрэ лифтымрэ я Iыхьэ гъэрхэр зэрыхэлъымкIэ.

- Уэ дауэ уеплърэ: мылъкур щIыналъэ операторым ептмэ, нэхъыфI хьэмэрэ банкым счёт щхьэхуэ къыщIэзэIупхмэ, нэхъ тэмэм?

- Дэ унафэ къэтщтащ щIыналъэ операторхэу япэ къэсыр дымыгъэувыну. Ахэр зэпеуэкIэ, ухуэныгъэм, финансэм, ЖКХ-м щыгъуазэхэм къаохтхыну аращ. Армыхъумэ, щIыналъэ унафэщIым и Iыхьлы къишэнщи, жиIэнщ: «Еуэ, мыр Iэнатlэфlщ, ахьшэ хъарзынэ щыIэщ - зегъакIуэ». ЩIыналъэ оператору ар зыр адрейм щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъу кассэу аращ. Апхуэдэхэр куэд щIауэ Европэм и къэралхэм щолажьэ.

- Дауэ зэрыхъунур цIыхухэм счёт щхьэхуэ къыщIэIуахыну хуеймэ, ауэ иджыри псэупIэр зейхэм я зэгухьэныгъэр къызэрамыгъэпэщамэ?

- Унэм и Iуэхур зезыгъакIуэ Iуэхущ Iапl эм и цIэкIэ счётыр къызэIупх хъунущ. Iэмал имыIэу ар ТСЖ-уэ щытын хуейкъым.

- Апхуэдэ счётхэм уи ахъшэр бгъэкIуэным шынагъуэ гуэр хэлъ?

- Абы хэлъ ахъшэр пуд хъункIэ хъунущ, апхуэдэ банкхэм хэлъ ахъшэм техьэ процентхэр мащIэ дыдэщи. Ауэ дызыхуэкIуэм ахэр хэхъуэну догугъэ - адрей къызэрыгъэкI хэлъхьэныгъэхэм къапэкIуэ процентхэм хуэдэну дыхуейщ.

- Счётым илъ ахъшэр зытрамыгъэкIуэдапхъэкIэ къагъэсэбэпыну Iэмал щыIэ? Ар зи цIэкIэ щыт Iуэхущ Iапl эр мылъкум хэIэбэну мурад ищIмэ-щэ?

- Апхуэдэ шынагъуэ лъэпкъ щIыпкъым. Счётыр зи цIэкIэ щытым ахъшэ къыхихыну Iэмал иIэкъым. Мылъкур сыт хуэдэ лэжьигъэхэм хухахынуми, ар хэт игъэзащIэнуми и унафэ щащIыр псэупIэхэр зейхэм я зэхуэсырщ. Апхуэдэ зэхуэсым IэщыщIадза тхылъымпIэ имыIыгъыу зыми ахъшэр банкым къыхригъэхынукъым.

- ПсэупIэр зейхэр зэхуэпшэсыныр икъукIэ гугъущ.

- Уэзхуэмысми хъунущ. Ауэ псоми я Iэр зыщIэлъ дэфтэр щыIэн хуейщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ТСЖ-хэри къызэбгъэпэщыфынущ, счёт щхьэхуэхэми ахъшэр къыхэпх хъунущ.

- Нэгъабэ Уху ныгъэмкIэ министерствэм къыхилъхьащ, къызэрыхуэтынщэу унэр зэбгъэпэщыжын щхьэкIэ кредит щхьэхуэхэр къеIыпх хъуну. Уэ дауэ уеплърэ, апхуэдэ щIыхуэхэм щхьэщатыкIыр гъэмэщIэн хуей?

- Дэ къызэрыгъэтIысэжкIэ, апхуэдэхэм техьэ процентхэр мащIэ дыдэу щытыпхъэщ, ипотекэм хуэдэу. Нобэ ар процент 15 мэхъу, зэрыщытын хуейр процентэ 10 нэхъри мынэхъыбэщ.

- Унэр зыхуей хуигъэзэн щхьэкIэ щIыхуэ къэзыщта цIыхум фэтэрыр ищэжын хуейуэ къыщыхукъуэкIи къохъу. Абы и щIыхуэр дауэ зэрыхъунур?

- Гу зылъытапхъэращи, щIыхуэр зэпхар метр зэбгъуэнатIэхэракъым, атIэ ар зей цIыхуращ. Араща, абы хэкIыпIитI иIэщ. Япэр - фэтэрыр ящэри, щIыхуэр фэтэрыр зеям епшын. ЕтIуанэр - щIыхуэр и гъуэгу фэтэрыр ящэ.

ИВАНОВ Пётр.
«Московский комсомолец»

ГъэтIылъыгъэр 2017 гъэм исыкIыну?

Урысейм и экономикэр иджыпсту щытыкIэ гугъум итщ. Пэжщ, Евросоюзымрэ США-мрэ ди къэралым къращIилIа санкцэхэм езыхэр зэрыщыгугъам хуэдэу Урысейр ирагъэтIысэхакъым, ауэ гугъуехьхэр къыдэкIуащ.

А ПСОМ и щапхъэщ правительствэм IэмалышIэ хъумэ къигъэсэбэпыну игъэтIылъауэ щыта ахъшэм зэрызэщIыр. ФщIэкжмэ, ар щIыдагъэм и 1 баррелыр доллари 120-рэ щиуасэм щыгъуэ ягъэтIылъу щIадзат, абы щыгъуэ ахъшэр куэдти.

Иджыблагъэ хъыбар къызэратамкIэ, Урысей Федерацэм и Резерв фондым и щIэм 2017 гъэм щIэплъэнущ. Апхуэдэу жиIащ ди къэралым финансэмкIэ и министрым и къуэдзэ Лавров Алексей. КъулыкъущIэм и псалъэм къызэрыхущымкIэ, 2016 гъэм къриубыдэу фондым сом триллиони 2,1-рэ къыхахащ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым бюджетым хущыщIэнум щхьэкIэ сом триллион 1,1-рэ къыхахынущ.

Нэгъэущу жыпIэмэ, гъэтIылъыгъэр яуэнущ 2017 гъэм и щIымахуэм ирихьэлIэу. Ауэ абы къыкIыркъым Урысейм и экономикэр зэтещхэхэну. Дауи, гъэтIылъыгъэр зэрыскIынур ди экономикэм и дежкIэ фIыкъым, ауэ правительствэр ахъшэншэу къэнэнукъым икIи Лъэпкъ псэукIэ зэIузэпэщым и фондым (ФНБ) къыхахын щIадзэнущ.

ФНБ-м хэлъ мылъкур къапщтэмэ, ар 2019, уеблэмэ 2020 гъэм ику пщIондэ ирикъун хуейщ, Iуэхугъуэ зыбжанэм ельытауэ. Япэрауэ, дуней псом щIыдагъэм и щиуасэнум. Уасэр езэгърабгъуу щытмэ, ФНБ-м ахъшэ кьинэнущ.

ЕтIуанэрауэ, Урысейм ищэ газым и куэдагъым. Иджырей щытыкIэмрэ уасэмрэ тетмэ, фондым илъ ахъшэм нэхъыбэкрэ дрикъунущ.

FinRussia.ru

● Хьэлэмэтщ

Илъэс 70-кIэ пащтыхьыгъуэр зыIыгъа

Илъэс 88-рэ зи ныбжь Адульдет Пхумипон илъэс 70-кIэ Таиландым и унафэщIу щытащ. Абы хуэдэу куэдрэ пащтыхьыгъуэр зыIыгъа дуней псом тетакъым.

ПАЩТЫХЬЫР зэрыIамкIэ хъыбар зэбграгъэхащ щIыпIэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм. Абыхэм зэраткIыкIэ, пащтыхьыр хьэзаб темылъу дунейм щекьжащ Бангкок къалэм дэт Сирират сымаджэщым. Иужьрей илъэсхэм ар абы куэдрэ щIэлъащ.

Иджыпсту Таиландыр мэщыгъуэ. ЦIыхубэм гуаузшхуэ къатепсыхащ - я псоукIэ зэпIэзэрытыр кьыгуэхьпIэ имыIэу абыхэм зрапхыр пащтыхьыр. Тайхэм я джкIэ ар мамырыгъэм и хъумакIуэт.

Таиландым и пащтыхьыр дунейм зэрехьжам къэралым и политикэ щытыкIэм зэхъуэжкIэхуэнущ, - жиIащ ЩIэныгъэмкIэ Урысейпсо Академием КъуэкIыпIэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, Таиландымкlэ Iэщlагъэлl нэхъыщхьэ Фомичёвэ Еленэ. - Адульдет Пхумипон тай къэралыгъуэр зэфIэзэыгъэтхэм ящыщ зыуэ щытащ. Иджы пащтыхьыгъуэр зэIащIэсынур илъэс 63-рэ зи ныбжь абы и къуэращ. Таиландым и бийхэм Iэмал къалъхьэунущ къэралыр зэIащIэну. Зыщыбгъэзэнущэ хъунукъым нэгъуэщI къэралхэм я щIэлкIэ-псэукIэм хэлэбэну хуещIэкIу зэрыщыIэри. Ауэ ар зэуэ къэхъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ цIыхубэр мэщыгъуэ, аращи, пащтыхь унафэщIым пащIэуфэ сыт хуэдэ Iэхъугъуэри щIэпхъаджагъэу къалъытэнущ.

Таиландым и пащтыхьыр хабзэ яхуэхъуам тету яIэ щхьэкIэ, унафэр абы Iэщlэкъым. Ауэ, Адульдет Пхумипон зыбжанэрэ хуэзэфIэкIащ политикэ зэрыщыхъуэхъуэр игъэсабырыжьну. КъызэралыгъэмкIэ, 1990 гъэхэм къралыр демократием тешэныжкIэ абы куэд хуэзэфIэкIащ. 2006 гъэм ар я лъэныкъуэ хъуащ Таиландым и премьер-министр Таксин и правительствэр тезыдза дзэ къулыкъущIэхэм.

ДЖУМЭ Аббас.
«Московский комсомолец»

● Ухуэныгъэ

Къыргъызым зэгурыIуэныгъэхэр екъутэж

Къыргызым къызэтригъэувыIащ Нарынск Ипщэмрэ Камбар-Ата-1-мрэ Урысей Федерацэм и гъуэгу щауху эну ирагъэжьа ГЭС-хэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр. ЗэгурыIуэныгъэр зэрагъэтхэжым къутэжа.

- ЯПЭЩIЫКIЭ Iэнатlэм къит хъыбархэр ехьэлIауэ щытынущ гъуэгумрэ дунеймрэ я щытыкIэм, интернетым цIыхухэм нэхъыбэрэ ясэщIалъхьауэ Iуэхугъуэхэм. ИтIанэ нэхъыбэ къызэщIаубыдэнущ, - жеIэ проектым и унафэщI Петровэ Марие.

Iуэхущlапlэм къит хъыбархэр пщIэншэу къагъэсэбэпырынущ телеканалхэм, радиохэм, газетхэмрэ журналхэмрэ.

Куэд щIауэ «Яндекс»-м апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIа редакцэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Псалъэм папщIэ, автомашинэхэр нэхъыбэу щызэтрихьа уэрамхэр «Интерфакс»-м къыIэрохьэ икIи абы и хъыбархэм еджэхэм ар ялъагъу.

- Iуэхущlапlэм къитхэр хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм яфIэхьэлэмэтынущ, - жеIэ «Комсомольская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Сунгоркин Владимир. Журналист-роботхэм я гугъу пщIымэ, дызыхуэкIуэм абыхэм яхъуэжьнкIэ хъунущ хъыбар кIэщI цIыкIухэр зыгъэхьэзыр журналистхэр.

Пэжщ, роботхэмкIэ журналистхэр пхузэхъуэкIынукъым, ауэ лэжьыгъэшхуэ абыхэм ягъэзэщIэфынущ.

ГОЛИЦЫНЭ Анастасие.
«Ведомости»

● Щlэ

Роботхэр къыдобгъэрыкIуэ

Щэкlуэгъуэ мазэм «Яндекс»-м къызэIуех езым и хъыбарегъащIэ Iэнатlэ. Абы къытыну хъыбарыщIэхэр зыгъэхьэзырынур журналистхэракъым, атlэ роботхэрщ.

- ЯпэщIыкIэ Iэнатlэм къит щытынущ гъуэгумрэ дунеймрэ я щытыкIэм, интернетым цIыхухэм нэхъыбэрэ ясэщIалъхьауэ Iуэхугъуэхэм. ИтIанэ нэхъыбэ къызэщIаубыдэнущ, - жеIэ проектым и унафэщI Петровэ Марие.

Iуэхущlапlэм къит хъыбархэр пщIэншэу къагъэсэбэпырынущ телеканалхэм, радиохэм, газетхэмрэ журналхэмрэ.

Куэд щIауэ «Яндекс»-м апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ яхуэщIа редакцэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Псалъэм папщIэ, автомашинэхэр нэхъыбэу щызэтрихьа уэрамхэр «Интерфакс»-м къыIэрохьэ икIи абы и хъыбархэм еджэхэм ар ялъагъу.

- Iуэхущlапlэм къитхэр хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм яфIэхьэлэмэтынущ, - жеIэ «Комсомольская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Сунгоркин Владимир. Журналист-роботхэм я гугъу пщIымэ, дызыхуэкIуэм абыхэм яхъуэжьнкIэ хъунущ хъыбар кIэщI цIыкIухэр зыгъэхьэзыр журналистхэр.

Пэжщ, роботхэмкIэ журналистхэр пхузэхъуэкIынукъым, ауэ лэжьыгъэшхуэ абыхэм ягъэзэщIэфынущ.

ГОЛИЦЫНЭ Анастасие.
«Ведомости»

● Зэпсэлъэныгъэхэр

Кадыровым «Механик Чеботарёв»-р хуит кърегъэщIыж

Кадыров Рамзан псалъэ итам тетыжу УФ-м Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ и министерствэм и Гъусэу щхьэхуит къыщIыжащ Ливием щаубыда «Механик Чеботарёв» урысей къхъхьым иса цIыхухэр. А хъыбарыр Шэшэшым и Iэтащхьэм щыдигъэщIащ «Вконтакте» интернет Iуэхущlапlэм щиIэ напэкIуэцIым.

- ИлъэС ИПэКIэ Ливие къэралыгъэм и лIыкIуэхэмрэ Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Делимханов Iэдэмрэ я гъусэу хуит къедгъэщIыжа къхъухьым исахэр Мэскуу къэлъэтэжащ, - жиIащ Кадыровым. - Экипажыр хуит хъегъэщIыжыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр ипэ дыдэм къыщыщIэдзауэ Iэдэм зэфIигъэкIащ си унафэкIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, къхъухьым иса цIыхуитI нэхъапэIуэкIэ Кадыровым къригъэутIыпщыжащ. Абы щыгъуэ Ливием и правительствэм и лIыкIуэхэм Iэтащхьэр къагъэгугъащ юридическэ Iуэхугъуэхэр зэрызэфIэкIыну, адрейхэми Урысейм къагъэзэжыну.

- «Механик Чеботарёв» къхъухьым иса цIыху 11-м ящыщу 3-р, капитаныр я гъусэу, Ливием кьинауэ щытащ. Ахэр хуит къащIыжат икIи щыуэ дыдэм дэж Урысейм къэкIуэжыфынут, арщхьэкIэ пIалъэкIэ къанэмэ нэхъ къащтащ, къхъухьр ямыбгынэн щхьэкIэ. Тхьэмахуэ кIуам аэрэ я унэ екIуэлIэжащ, - дыщIигъужащ Кадыровым. - Урысейм Хамэ къэрал Iуэхухэмкlэ и министерствэм фIыщIэ хузощI къызэрыддзIэпыкъуам папщIэ.

ДРОБОТОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

Мысырым (Египет) ущыIэу а къэралым теухуа музейм ублэкIыфынукъым! Къэралым и къалащхьэ Каир дэт музейм зыщаплъыхь абы къакIуэ псоми. Пасэрей Мысырым и хьэпшыпхэм я нэхъыбэр щахъыжу аращ.

Музейр къэгъэуцIыгъуафIэщ - къалащхьэм ику дыдэм хуэзэ Хъурыр утыкум итщ. Франджы архитектор Дюнон Марсель и проектIэ ихуа музейр 1902 гъэм къызэIуахащ. Абы щIэлъщ экспонат мини 120-м щIигъу.

● Мысыр

● Мылъку

Мелуан 20-р дэнэ кIуа?

Ингушым и Назрань къалэм дэт «Еврокоммерц» банкыр яхъунщIащ. Ахъшэ хъумапIэм сом мелуан 20 пэрыуэнщэу зэрыщIахамкIэ МВД-м и лэжьакIуэхэм хъыбар ирагъэщIащ банкым и лэжьыгъэр зезыгъакIуэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и кредит-финанс лэжьыгъэм и шынагъуэншагъэм теухуауэ екIуэкIа зэIущIэм Ингушым и Iэтащхьэ Евкуров Юнус-Бэч унафэ бгъэ щиущащ къэхъуар зэхагъэкIыну: «Еврокоммерц» банкым и ахъшэ ядыгъуам и пэжыпIэр зэхагъэкIыну унафэ ещIащ, - жиIащ абы. - ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, банкым ахъшэ хэзылъхьахэр апхуэдэ щIыкIэкIэ къигъэпцIыну хэту аращ».

ЗэIущIэм Евкуровым къыщыхиригъэщащ кредит Iуэхущlапlэхэр я мылъкур, ахъшэр хуэмэным жэуапIныгъэншэу зэрыщуцытыр. Ягу къигъэкIыжащ нэхъапэIуэкIэ а Iуэхум гулъытэ хэха хуащIыну унафэ зэрищIар. АрщхьэкIэ, иджы къэхъуам тепщIыхьмэ, ар куэдым къафIэIуэхуакъым.

Гъэщlэгъуэнращи, сом мелуан 20-р зэрыкIуэдрэ махунщ нэхъ дэмыкIыну, УФ-м и Банк нэхъыщхьэм «Еврокоммерц»-м и лицензэр трихьжащ. Ар къызыхэкIар коммерческэ банкым и лэжьыгъэм ныкъусаныгъэ куэд хэлъщи араща.

- Банкхэм я лэжьыгъэр зыубзыху зыбжанэрэ федеральнэ хабзэр иужьрей илъэсым къриубыдэу зыбжанэрэ къызэрызэпиударц, бгъэдэлъ мылъкум къызэрымыкIуэу зэрыхэщIарщ Iуэхущlапlэр зэхуащIыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар, - щIижаI Банк нэхъыщхьэм. - Абыхэм къадэкIуэу, иджыри ныкъусаныгъэ куэд къыIэныкъуэкIащ. Иджы банкым и Iуэхуэр пIалъэкIэ зезыгъэкIуэн е зэхуэзыщIыжыпэн унафэщI ягъэуващ.

«Еврокоммерц»-м зи мылъку хэлъхэм ахъшэр иратыжынущ, ауэ ар къыщыхъунур зэкIэ къэщIэгъуеиц.

ИВЕРШИНЬ Аннэ.
«Аргументы и факты»

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

Псыхуабэ къыпэзыкIухь гъуэгур къызэIуах

2012 гъэ лъандэрэ зэлэжь гъуэгу Iыхьэм къэрал бюджетым щыщу сом мелардиI 5,5-рэ текIуэдащ. Лэжьыгъэхэм хэтащ техникэ 300-м нэблагъэрэ цIыху 500-м щIигъурэ.

- ПЯТИГОРСК (Псыхуабэ) къалэм къыпэзыкIухь гъуэгур мы гъэм къэралым къыщызэIуаха гъуэгу нэхъ кIыхьхэм икIи мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщ зыщ, - жиIащ УФ-м Транспортымрэ связымкIэ и министр Соколов Максим. - Абы и фIыгъэкIэ Ставрополь краймрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я транспорт зэпыщIынымгъэр ефIэкIуащ. Пятигорск къалэми апхуэдизу транспорт дэмыхьэу зигъэпсэхунущ, нэхъыщхьэращи, абы гъуэгуанэм хегъэщI.

- Мы махуэшхуэм ди щIыналъэм илъэс 20-м нэблэгъауэ щIопплъэ, - жиIащ Ставрополь краймрэ и губернатор Владимиров Владимир. - Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ар хъэзыр зэрыхъуам. Экономикэм епхауэ сыт хуэдэ гугъуехь къэмыхъуами, лэжьыгъэр зэи къэзыщIакъым, абы хухаха мылъкур тэмэму къыпIэрыхьащ. Дыщогугъ апхуэдэ лэжьыгъэ дяпэкIи ди щIыналъэм щекIуэкIну.

БРЕЖИЦКАЯ Еленэ.
«Российская газета».

Полковник Хьэгъундокъуэр дивизэ Iэлым и офицерхэм яхэсщ. *1914 гъэ*

Генерал Хьэгъундокъуэ Едыдж Ислъам и къуэр. *1918 гъэ*

Едыдж. *1957 гъэ*

Хьэгъундокъуэ Едыдж и гукъэкIыжхэр дунейм къытохьэ

● Лъэпкъ Iуэху

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа, урыс армэм и генерал Хьэгъундокъуэ Едыдж (Константин) илъэси 145-рэ зэрырикъур Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыгъуэм и университетым щагъэлъэпIащ. А махуэм абы къаригъэблагъат ди лъэпкъэгъу лIыхъужьым и фэеплъыр зэфIэгъэувжьыным кууэ елэжь зэщхьэгъусэхэу политикэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Портнягин Александрэ УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Кисловодск къалэм щыIэ «Благодать» театр-музейм и унафэщI Имтосими Валентинэрэ.

ЗЭIУЩIЭМ къырихьэлIат КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, университетым и ректор Альтуд Юрий, генерал-майорым и лъэпкъэгъуэру Хьэгъундокъуэхэм Сэлисэт, Аслъэн, Мухьэмэд сымэ.

КъБКъУ-м и проректор Къумыкъу Iэуес зэIущIэр къызэIуихри студентхэм хьэщIэ лъапIэхэр ящIэцIыхуащ. Портнягин Александр япэу псалъэ щиритым, Къумыкъум къыхигъэщащ щIэныгъэлI Iэзэм и фIыгъэкIэ хэкум и лIыхъужь куэдым я цIэхэр къыдэхыжа зэрыхъуар.

Портнягиныр кIэщIу тепсэлъыхьащ и щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм, илъэс 20-м нэблагъэкIэ абы Америкэм, илъэс 15-кIэ Германием я университетхэм зэрыщригъэджам. Иужьрей зэманым нэхъыбэу зи ужь ит лэжьыгъэм - Хьэгъундокъуэ Едыдж и гъащIэм теухуам, къызэхуэсахэр нэхъ кууэ щыгъуэзэ ищIащ.

- Куэдым ятхырт генерал-майор Хьэгъундокъуэм къыщIэнауэ гукъэкIыжхэр зэрыщыIэр. Ахэр зэхуэтхьэсыжын мурадкIэ зэщхьэгъусэхэр дыщIащ Франджым, Америкэм, Восток Жыжьэм. Къалэ куэд къызэхэткIуныкъащ. ИкъукIэ насыпыщхуэу къыдольытэ ди мурадыр къызэрядэхъулIар икIи шэрджэс лъэпкъым и къуэ щыпкъэм, урыс офицер ахъырзэманым и гукъэкIыжхэр тхылъ щхьэхуэу куэд мыщIэу къызэрядэкIынур, - къыхигъэщащ Портнягиным.

Генерал-майорым ехьэлIа хъыбар е тхылъ гуэр къалъыхьуэу ахэр зыхуэзахэм ящыщщ Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан теухуа «Адыгэ бзылъхугъэ» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI Гимет де Сэринье, зи гугъу тщы лIыхъужьым къытепщыкIыжа, абы и цIэджэгъу, мы зэманым Париж щыпсэу Хьэгъундокъуэ Едыдж-нэхъыщIэ сымэ. Мы щIалэм и унэм щечъумэ и лъэпкъэгъум и гукъэкIыжхэр, компьютеркIэ къэщIа напэкIуэцI мин бжыгъэм нэсу.

Абыхъм я оригиналыр, напэкIуэцI 380-рэ хъур, Портнягиным къыщигъуэтащ Нью-Йорк дэт университетым и архивым.

- Мы тхыгъэхэм хьэлэмэтагъуэ хэлъхэм ящыщщ абы и гукъэкIыжхэр езым ищIа сурэтхэмкIэ зэрыкъулейр. КъызэрыщIэкIамкIэ, Едыдж сурэт щIынми хуэIэзэт, - жиIащ Портнягиным икIи абыхэм ящыщ зыбжанэ къызэхуэсахэм яригъэлъэгъуащ.

Хьэгъундокъуэ Едыдж и адэ Ислъам Къармэхьэблэ къыдэкIащ. Абы и унагъуэр Псыхуабэ дэст, Едыдж 1871 гъэм дунейм къыщытехьам. Езыр дзэм хэтти, и къуэми а IэщIагъэр къыхихащ. Апхуэдэу Едыдж къыухащ дзэм кулыкъу щызыщIэхэр щагъэхьэзыру Санкт-Петербург дэт училищэр, Ялп кадет корпусыр, Штаб нэхъыщхьэм и академиер. Абы къулыкъу щищIащ Китай-КъуэкIыпIэ гъущI гъэзугъ, Урыс-япон, Ялп дунейпсо зауэхэм хэтащ. Амур областым и губернатору щытащ, а щыпIэм щыIа къэзакъыдзэм и Iэтащхьэ къалэнри ирихьэкIащ. Сыт хуэдэ IэнатIэ Iумытами, лIыгъэрэ лIыхъужьыгъэрэ хэлъу зыкъызэгригъэлъэгъуам папщIэ, абы къыхуагъэфэщащ орден, медаль зыбжанэ.

Имтосими Валентинэ къытеувыIащ ар зи пашэгупым я лэжьыгъэр зытеухуам. «Благодать» театр-музейр къызэрызэрагъэпэщIрэ мы гъэм илъэс 25-рэ ирокъу. Ахэр зэлэжь «Франджым и лIыхъужь урысей цIыхубзхэр» проектым и зы Iыхьэшхуэщ Хьэгъундокъуэхэ Елмэсхъанрэ Едыджрэ ятеухуар. Зи хъыбарыр зэман кIыхькIэ цIыхубэм щабзыщIа лIыхъужьхэм я цIэхэр къыдэхыжьыныкIэ лэжьыгъэшхуэ ягъэзащIэ мы гупым. Хамэ къэралхэм къыщагъуэта, зэрагъэпэщыжа тхыгъыпIэхэр, сурэтхэр, гукъэкIыжхэр я музейм щагъэлъагъуэ абыхэм. КъищынэмыщIауэ, а лIыхъужьхэм я гъащIэр къыщыгъэлъэгъуа сценарий зэхалъхьэри, я театрым пьесэ щагъэув, къалэ-къалэкIэ къакIуихьурэ щагъэлъагъуэ. Хьэгъундокъуэм теухуа спектаклыр мыгувэу КъБКъУ-м щагъэлъэгъуэну студентхэр кагъэгугъащ.

- Франджым и лIыхъужь, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа Хьэгъундокъуэ Едыдж ипхъу Елмэсхъан и хъыбар зыхэзымыха щIагъуэ щыIэу къыщIэкIынукъым, - жиIащ Имтосими Валентина. - Хуэмыфащуэ зэман кIыхькIэ зи цIэр ящыгъуплщажа Константин лъэпкъри къэралри зэрыпагэ хъун лIыхъужьщ.

ЗэIущIэм къырихьэлIахэм икъукIэ гъэщIэгъуэн ящыхъуащ абы зыщытепсэлъыхьахэр. ЩIэныгъэлIэмми студентхэми упщIэ куэд яIэт. ХьэщIахэм абыхэм гупсэхуу жэуап иратащ икIи къыхагъэщащ экземпляр мини 100 хъууэ къыдагъэкIыну тхылъхэм щыщ зыбжанэ университетым и библиотекэм тыгъэ зэрыхуащIынур.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Дивизэ Iэлыр йобгъэрыкIуэ. *Сурэтыр* **Мазурковскэ Андрей** *ищIащ. 1915 гъэ*

Едыдж кърата къэрал орденхэмрэ тыгъэхэмрэ.

Къэзакъыдзэм и Iэтащхьэ Хьэгъундокъуэ Едыдж парадым хэтщ. *Маньчжурие, 1900 гъэ*

● ДифI догъэлъапIэ

Зи Iуэхущ Iафэхэр дахэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэрылажьэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор Дзыгуанэ (Дышэкl) Ритэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ.

ДЗЫГЪУАНЭ Ритэ Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ипщэ къуажэм 1956 гъэм къыщалъхуащ, курыт еджапIэри абы къыщиухащ. И классэгъуэм къахэжаныкIыу хъарзынэу еджащ, псом хуэмыдэу нэхъыфIу илъагъурт тхыдэмкIэ дерсхэр. Арауи къыщIэкIынт курыт школыр къиуха нэужь КъБКъУ-м тхыдэмкIэ къудамэм щIэтIысхьэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну щыхуеяри.

И гукъэкIыжхэмкIэ къыддэгуашэ Ритэ жеIэж еджапIэ нэхъыщхьэм зэрыщIэтIысхьауэ щыта щыкIэр:

- ТхылъымпIэхэр тIыгъуу университет бжэIупэм деж дыщытт си анэмрэ сэрэ. Сэ тхыдэмкIэ къудамэм сыщIэтIысхьэну сыхуейт, си анэм адыгэбзэр зыпищI щIэтэкъыми, абы сыхуеджэмэ фIэфIт. Адыгэбзэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъагъурти, а бзэмкIэ къыдэкIа зы тхыгъи зы тхылъи къэмыджауэ блигъэкIыртэкъым, газет нэгъунэ зэхуихьэсырт. ПщыхьэщхьэкIэрэ, псори унэм декIуэлIэжа нэужь, и бынхэр дыкъригъэтIысэкIырти, тхылъ къытхуеджэрт, дэри ар тфIэфIти, нэхъ жьыуэ дызэрызэхуэсыжыным яужь дитт. СощIэж Теунэ Хьэчим и «Шэджэмокъуэ лъэпкъ» романым пщыхьэщхьитIым къытхуеджауэ зэрыщытар. Дауэ сыкъытехьами сщIэжыркъым, ауэ си анэм жиIэр текIуэри, ар зыхуей унэтIыныгъэр къыхэсхауэ щытащ абы щыгъуэм.

ЗэрыжиIэмкIи, щIегъуэжакъым Ритэ къыхиха унэтIыныгъэмкIэ. ЦIыхур щIеджэр, Iэщ Iагъэ щIызригъэгъуэтыр лэжьэн, псэун папщIэщи, нобэр къызэдэсым Ритэ зэрыпсэур а Iэщ Iагъэрэщ.

Нэхъыбэу Ритэ зэлэжьыр къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и грамматикэмрэ лексикографиемрэщ. Абы и кхъухтэныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа статья 60-м щIигъу журнал зэмылIэужьыгъуэхэм къытригъэзэдзащ. Бзэм ирилажьэхэм, абы хуеджэжэм куэдрэ дэIэпыкъуэгъу кахуэхъу, томитI хьууэ къыдэкIа «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ» («Кабардино-черкесский язык») тхылъыр зэхэгъэуувэным егугъуахэм яхэтащ ар. Купщ Iафэщ абы къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъэгъэнахуэ зэхэгъэувэнымкIэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэри. Абы и гуащIэ хэлъу къыдэкIа псалъалъэхэр сэбэпышхуэ яхуохъу школакIуэхэми, студентхэми, егъэджакIуэхэми, журналистхэми.

Иджыпсту Ритэ я пашэу гуп къызэрагъэпэщауэ «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм синонимхэм я псалъалъэ» зэхагъэувэ. Лэжьыгъэр гугъуми, гупыр зэрызэкъуэтым, зэрызэрыIыгъым псынщIэ ящищIу къащохьу.

ЗэхэщIыкI куурэ акъыл жанкIэ Тхьэр зыхуэупса щIэныгъэ лэжьакIуэ Iэзэм унагъуэ дахи иIэщ. И щхьэгъусэ Дзыгуанэ Вячеслав техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБМКъУ-м и профессорщ, егъэджакIуэу мэлажьэ. Быниищ зэдагъэхэти унагъуэ хъужакэу хъарзынэу мэпсэу. А щым ящыщу япхъу нэхъыщIэраща Вячеславрэ Ритэрэ я лъэужьыр зыхур. Инджылызыбзэм илъэситхукIэ ехьулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу хуеджауэ, иджыпсту ар аспирантурэм щIэсщ.

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и пщIэр зыIэтхэм ящыщщ Дзыгуанэ Ритэ. Сэбэпышхуэ къызыпыкIын лэжьыгъэщ и Iэдакъэ къыщIэкIэри. ЕхьулIэныгъэфI куэд дяпэкIи иIэну, и унагъуэ дахэр хуэзыгъэхьэу фIыгъуэм я нэхъыфIымкIэ Тхьэр къыхуэупсэну дыхуохъуахъуэ абы.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Налшык

Сытым деж нурыр щыIупщIыр?

Электрокъарур хъумэным теухуа урысейпсо фестивалым ипкъ ит Налшык и «ЩIалэгъуалэ» хьэблэщIэм мини-футболымкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.

«УЗЭКЪУЭТМЭ, нурыр Iупщ Iщ» фIэщыгъэм щIэту къызэрагъэпэща мы зэпеуэм хэтащ илъэс 15-16 ныбжьым и ныбжьыщIэхэр.

Сыт и лъэныкъуэкIи гъэщIэгъуэну екIуэкIа зэхьэзэхуэм бжьыпэр щиубыдащ Налшык и лицей №2-м и гупым (тренерыр ХьэщIыкIу Анзэрщ), етIуанэр - Сабийщ Iалэгъуалэ спорт школ №1-м (гъэсакIуэр Нэхущ Къазбэчщ), ещанэр - МКОУ гимназие №4-м и командэм къихьащ (тренерыр Науры Хьэщащэщ).

Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэм кубокхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

ЩэкIуэгъуэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и япэ дивизион

ЕтIощIанэ джэгугъуэ Щэкlуэгъуэм и 5
(щэбэт)

«Сокол» (Саратов) - «Волгарь» (Астрахань)

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Факел» (Воронеж)

«Тюмень» (Тюмень) - «Балтика» (Калининград)

«Луч-Энергия» (Владивосток) - «Кубань» (Краснодар)

«Зенит-2» (Санкт-Петербург) - «Шинник» (Ярославль)

«Тамбов» (Тамбов) - «Химки» (Химки)

«Динамо» (Мэскуу) - «Енисей» (Красноярск)

«СКА-Хабаровск» (Хабаровск) - «Нефтехимик» (Нижнекамск)

«Тосно» (Ленинград областьр) - «Сибирь» (Новосибирск)

«Мордовия» (Саранск) - «Спартак-2» (Мэскуу)

ТIощIрэ езанэ джэгугъуэ Щэкlуэгъуэм и 9
(бэрэжьей)

«Мордовия» - «Тосно»
«Кубань» - «Спартак-2»
«Химки» - «СКА-Хабаровск»
«Факел» - «Луч-Энергия»
«Сибирь» - «Тамбов»
«Тюмень» - «Зенит-2»
«Енисей» - «Балтика»
«Нефтехимик» - «Динамо»
«Шинник» - «Волгарь»
«Сокол» - «Спартак-Налшык»

ТIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ

Щэкlуэгъуэм и 13
(тхьэмахуэ)

«Спартак-Налшык» - «Шинник»

«Луч-Энергия» - «Сокол»
«Зенит-2» - «Енисей»
«Спартак-2» - «Факел»
«Волгарь» - «Тюмень»
«СКА-Хабаровск» - «Сибирь»
«Балтика» - «Динамо»
«Химки» - «Нефтехимик»
«Тамбов» - «Мордовия»
«Тосно» - «Кубань»

ТIощIрэ ещанэ джэгугъуэ Щэкlуэгъуэм и 19
(щэбэт)

«Мордовия» - «СКА-Хабаровск»
«Кубань» - «Тамбов»
«Динамо» - «Зенит-2»
«Факел» - «Тосно»
«Сибирь» - «Химки»
«Тюмень» - «Спартак-Налшык»
«Енисей» - «Волгарь»
«Нефтехимик» - «Балтика»
«Луч-Энергия» - «Шинник»
«Сокол» - «Спартак-2»

ТIощIрэ еплIанэ джэгугъуэ Щэкlуэгъуэм и 26
(щэбэт)

«Луч-Энергия» - «Тюмень»
«Спартак-2» - «Шинник»
«Волгарь» - «Динамо»
«Тосно» - «Сокол»
«Спартак-Налшык» - «Енисей»
«Химки» - «Мордовия»
«Зенит-2» - «Балтика»
«Сибирь» - «Нефтехимик»
«СКА-Хабаровск» - «Кубань»
«Тамбов» - «Факел»

Сабийхэм щапхъэ ирагъэлъагъу

Урысейм тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъым и Iуэхущ IапIэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм Нартан дэт школ-интернат №95-м щрагъэкIуэкIащ футбол цыкIумрэ кIапсэ зэпекъумкIэ зэхьэзэхуэхэр. Мы Iуэхур нэхъыщхьэу зытеухуар интернатым и гъэсэнхэм спортымкIэ щапхъэ яхуэхъунырщ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭХЭМ хэтащ ИК-1, ИК-3, ИК-4, ИК-5, УИИ, ОСН, СИЗО-1 Iуэхущ IапIэхэм я лэжьакIуэхэр, управленэм и унафэщIхэр.

Зэпеуэм щIидзэн ипэкIэ УФСИН-м и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Мэрэжьхъу Мухьэмэдрэ школ-интернатым и унафэщым и кIуэдзэ Тау Элеонорэрэ къызэхуэсахэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ. Командэхэм ехьулIэныгъэхэр зыIрагъэхьэну ехьэхуэри, сабий цIыкIуэхэр къыхураджащ спортым жыджэру хэтыну, егупуу еджэну.

Сабийхэр дихьэхауэ зыкIэлъыплъа кIапсэ зэпекъу зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ КП-5-м и гупым. СИЗО-1-м и командэм етIуанэ увыпIэр лъысащ, ОСН-м и гупыр ещанэ хъуащ.

Сабийхэр итхьэкъуат футбол цыкIу зэхьэзэхуэм. Абыхэм Iэмал яIэнуг текIуэм дэджэгуну. Арати, ОСН-м и гупыр хьэрхуэрэгъу къэхуэхъуащ. Интернатым и ныбжьыщIэ командэм ар хигъащIэри, текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ.

Управленэм и лэжьакIуэхэмрэ интернатым и гъэсэнхэмрэ я зэIущIэр гуапэу иухащ. Зэхьэзэхуэхэм щытекIуэхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ дамыгъэхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ, ныбжьыщIэхэм спорт вакъэхэр ираташ.

А Iуэхугъуэм хиубыдэу армрестингымкIэ пашэныгъэр къэхъыныкIэ «Динамо» зэгуэхэныгъэм и щIыналъэ Iуэхущ IапIэм иригъэкIуэкIа зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа Махъсидэ Замирэрэ ягъэлъэпIащ.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ IапIэм и лэжьакIуэ.

● Гулъытэ

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаго Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, Нэщ Iэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Iизэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторхэм я щIыналъэхэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкl э - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщдэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм макъуэгуэгуэм и 14-м Печатым и щитныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къанщокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЩхьэщэмыщI Иэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Нэжьыкъуэ Зарирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.424 ● Заказ №1681